OU GEN DWA!

KÈLKESWA STATI IMIGRASYON OU,
Ou gen dwa pou:

- Yo dwe peye w pou tout èdtan ou te travay, enkli peryòd fòmasyon
- Yo dwe peye w omwen salè minimòm, ou dwe touche lè siplemantè epi yo dwe peye regilyèman (anjeneral chak semèn oswa chak de semèn)
- Konnen dediksyon salè ou, epi pa janm dwe pran dediksyon san konsantman alekri anvan
- Travay nan yon anviwònman san danje ki pa gen diskriminasyon, asèlman seksyèl ak abi
- Mande èd nan Depatman Travayè ETA NEW YORK san krent e ni reprezay

PWOTEJE TÈT OU!
Kenbe yon dosye de:

- Jou ak èdtan ou te travay yo
- Konbyen yo te peye w e kilè
- Dat ak lè evènman enpòtan nan travay la (blesi, menas oswa konfli), ak ki moun ou te rapòte yo bay

P746.2 HC (1/19)

TRAVAY FÒSE SE YON KRIM!

Li ta ka yon vyolasyon kriminèl dwa ou si yo:

- Te di ou dwe travay pou ou ka peye dèt
- Te di ou anplwayè ou pra l pran paspò ou oswa ID OU
- Te pwomèt ou yon benefis ke ou pa resevwa, tankou yon kat vèt oswa lajan
- Te menase w ke yo ap rele imigrasyon oswa lapolis si ou pa travay
- Te menase w ke oumenm oswa fanmi ou pra l gen annwi
- Aktyèlman blese, oswa yon manm fanmi an blese

Pou plis enfòmasyon sou dwa ou yo ak ki èd ki disponib, rele liy Nasyonal Kont Trafik Moun lan 24 èdtan sou 24 **888.373.7888** oswa liy dirèk DIPA a nan **877.466.9757**.

Ou kapab voye imel tou **trafficking@labor.ny.gov** oswa mesaj tèks **917.692.7215**.

NEW YORK STATE OF OPPORTUNITY.

Department of Labor
Division of Immigrant Policies & Affairs

888.469.7365 | www.labor.ny.gov | @nyslabor

Ministè Travay Eta Nouyòk se yon Anplwayè/ Pwogram Opòtinite egal.
Èd ak sèvis oksilyè yo disponib sou demann pou moun ki gen andikap.